



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÓMANSMAN KONSTRIKSYON SOU PWOJÈ POU TRANSFÒME ANSYEN LEKÒL LA AN YON LOJMAN A BON MACHE POU REVNI MELANJE AK KONPLÈKS KOMÈSYAL

Bilding ki te vid pandan lontan nan Niagara Falls ap gen 61 nouvo Apatman pou revni fèb ki nan nivo mache a ak espas komèsyal 23,000-pye kare

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse konstriksyon ki ankou nan yon pwojè \$24.4 milyon Niagara City Lofts ki pral transfòme ansyen South Junior High School an yon devlopman lojman a bon mache plizyè itilizasyon, 61 inite plizyè revni. Finansman pou pwojè a te garanti grasa New York State Homes and Community Renewal ak Empire State Development.

“Bay pi gwo aksè pou lojman a bon mache se gwo priyorite administrasyon nou an e avèk pwojè sa nap ede plis Nouyòkè jwenn yon kote ke yo rele lakay yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou re-adapte bilding sa an yon eman pou nouvo opòtinite lojman ak biznis, nap ranfòse kominote sa e nap pran yon lòt etap nan direksyon pou kreye yon New York ki pi solid ak pi ekitab.”

Lokalize nan 561 Portage Road, apatman yo an konstriksyon nan ansyen bilding lekòl la pami plizyè milye inite kap fòme fondasyon nouvo pwogram \$10 billion House NY 2020 Gouvènè Andrew M. Cuomo pou kreye oswa konsève 100,000 inite a bon mache nan pwochen senkan yo.

“Adapte strikti demode ki egziste deja pou nouvo itilizasyon gen efè pou respire nouvo lavi nan yon kominote,” **te deklare Komisyonè HCR James S. Rubin.** “Grasa sipò enkonidasyonèl Gouvènè Andrew Cuomo nou an, kay a bon mache nap kreye nan Niagara City Lofts, ansanm avèk plizyè milye pye kare espas pou komès, pral fè sa senpleman: sa a se yon gwo envestisman ak delvopman enspire ki pral bay yon resous lojman a bon mache iranplasab pou plizyè ane kap vini.”

“Nou te wè wòl lojman atraktif a bon mache te jwe nan renesans Buffalo,” **Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Devlopman Howard Zemsky te deklare.** “Apatman modèl se chwa lokasyon pou moun kap chèche retounen nan zòn lan. Pwojè Loft Niagara Falls ap yon sous ekselan pou pote nouvo biznis ak moun nan sant vil la.”

South Junior High School te vid pandan plis pase yon deseni e yo prevwa yon demolisyon ki finanse pa kontribyab yo, ki te estime nan \$1.2 milyon dola. Antanke yon ansyen lekòl, pwopriyete a te 100 pousan egzan nan taks vil la, konte ak distri lekòl. Bilding lan te sibi domaj dlo enpòtan e li te pouri pandan plizyè ane neglijan, fè li vini alafwa yon danje ak yon responsabilite finansye.

Nan 61 inite lokasyon yo, 51 te fèt pou kay ki gen revni fèb yo avèk revni ki nan oswa anba 60% nan nivo mwayen e yap ofri dis pou lwaye nan pri mache a. Lè konstriksyon an fini nan 2017, bilding twa etaj la ap gen ladan yon biwo pou lwe, asansè, yon sal kominotè avèk laboratwa òdinatè, yon zòn komen pou lesiv, 133 espas pakin, ak storaj pou lokatè ak espas komèsyal 23,000-pye kare. Dis nan apatman yo ap antyèman aksesib pou moun ki gen pwoblèm mobilite ak twa inite ap antyèman aksesib pou moun ki gen twoub vizyon oswa tande.

Devlopman an te finanse grasa yon konbinezon HCR New York State Housing Trust Fund money, ak Pwogram Kredi Lojman Revni Fèb, ESD Restore-NY funding, NYSEDA, ak ekite Istorik kredi taks. Lwaye brit (lwaye plis sèvis piblik yo) ap ranje apati \$475 pou rive a \$831 pa mwa.

Devlopman Niagara City Lofts se yon konpozan enpòtan nan katye ki ankou ak amelyorasyon distri komèsyal nan Vil Niagara Falls. Lokalize nan distans toupre Sant Medikal Memoryal Niagara Falls ak Seneca Niagara Casino, de nan twa pi gwo travay nan vil la, pwojè ap bay nouvo lojman mendèv ki fenk renove. Anplis, sit la lokalize dirèkteman toupre Niagara Arts ak Sant Kiltirèl la e nan distans de kilomèt nan distri touris anba lavil.

Ekip devlopman an se CB-Emmanuel Realty ak Edgemere Development; R&P Oak Hill Development se kontraktè jeneral la; Silvestri Architects PC se achitèk la; ak CRM Rental Management se ajan jesyon kap jere devlopman an.

Benathan Upshaw, CB EMMANUEL Principal te deklare, “Nou kontan anpil osijè premye devlopman nan Lwès New Yorke nou patikilyèman rekonesan pou tout asistans ke yo te ba nou nan pwojè devlopman transfòmatif sa pou Niagara Falls pa Gouvènè Cuomo ak Eta New York. Devlopmanap renove yon kantite katye nan ak ozalantou Niagara Falls Memorial Medical Center e lap yon katalis pou kwasans ekonomik.”

Senatè Eta Rob Ortt te deklare, “Aprè ke li te rete vid pandan plis pase yon deseni, li ankourajan pou n konnen ke lekòl la ap transfòme an yon bagay ki pral ede respire nouvo lavi nan Vil Niagara Falls. Pwojè Lofts Vil Niagara ap retounen nan bidjè taks, ede angaje nouvo devlopman epi kreye lojman a bon mache ki pi nesèsè nan sant anba lavil la.”

Manm Asanble John Ceretto te deklare, “Niagara City Lofts ap yon eman pou mennen moun nan katye sa pou jwi lavi nan nouvo apatman modèn ak pou itilize biznis yo ki pral lokalize nan bilding lan. Mwen remèsye Gouvènè a pou sipò l nan pwojè sa ki pral transfòme yon bilding ki vid depi lontan an yon devlopman plizyè itilizasyon ki pral

sèvi kominote a byen pou deseni kap vini yo.”

Majistra Niagara Falls Paul Dyster te deklare, “Pou premye fwa nan istwa l, bilding lan ap kontribye revni taks, ki posede an prive e lap bay yon espas pou travay ak viv nan mitan vil la. Nan gwo patenarya avèk Gouvènè a, New York State Homes and Community Renewal, Empire State Development ak rezidan Niagara Falls yo, CB Emanuel Reality’s Niagara City Lofts ap chanje yon egzanp neglijans an yon egzanp re- itilizasyon reflechi.”

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418